**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**TAShKENT MA`MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI**
**NO`KIS FILIALI**

**ZOOTEXNIYA FAKUL`TETI**

**«Ekonomika ha`m awil xojalig`in basqariw» kafedrasi**

# «Investitsiyalaw ha`m joybarliq analiz»

**pa`ninen**

# *KURS JUMISI*

**Tema:** **AGROSANAAT KOMPLEKSINDE INVESTITSIYA AKTIVLILIGI HA`M ONNAN PAYDALANIWDIN` NA`TIYJELILIGIN ARTTIRIW JOLLARI**


Orinlag`an: 3 fermer xojalig`in basqariw qa`nigeligi studenti
Aybatova D.

Qabillag`an: Turebekov A.


**No`kis 2016-j.**

**TEMA: AGROSANAAT KOMPLEKSINDE INVESTITSIYA AKTIVLILIGI HA`M ONNAN PAYDALANIWDIN` NA`TIYJELILIGIN ARTTIRIW JOLLARI**

**Mazmuni:**


**1. Kirisiw____________________________________________________________3**

**2. Tiykarg'ı bo'lim**

**2.1. Agrosanaat kompleksi rawajlanıwında investitsiyanın` roli, ko`rsetkishler sisteması ha`m na`tiyjeliligi ______________________________________________5**

**2.2. Awıl xojalıg`ına investitsiyalardı tartıwdı boljaw modelleri _______________14**

**3. Juwmaqlaw_______________________________________________________19**

**4. Paydalanilg`an a`debiyatlar dizimi____________________________________21**

## Kirisiw

Ma`mleketimiz ashıq ja`miyet ha`m erkin bazar ekonomikası payda bolıw jolınan barıp atırg`anlıg`ın esapqa alg`an halda, birinshi na`wbette bazardın` ba`rshe qatnasıwshılarına (mu`lkshilik tu`rinen qatan` na`zer) bir qıylı sha`rayatlar jaratıw kerek. Ko`p g`ana jag`daylarda, islep shıg`arıw xızmeti ushın shiyki- zat ha`m materiallar kommertsiyalıq bahalarda satıp alıng`anlıg`ı ushın, islep shıg`arılıp atırg`an o`nim sapalı bolıwına qaramastan ba`sekige shıdamlılıg`ın jog`altadı.

Na`tiyjede ko`p g`ana isbilermenler o`z xızmetin toqtatıp qoyadı. Usı mashqalanın` tiykarg`ı sebepleri – xalıq ta`repinen sapalı o`nimlerdi satıp alıw qa`biletinin` pa`sligi ha`m kishi biznes sub`ektlerin kvotalanatug`ın materiallıq shiyki-zat resursların birjalardan satıp alıw imkaniyatlarının` ha`zirshe salıstırmalı pa`sligi bolıp tabıladı.

Investitsiyalardı tartıwı ko`p jaqtan investitsiya bazarın ha`r ta`repleme u`yreniw, onı boljaw menen u`zliksiz baylanıslı bolıp tabıladı. Investitsiya bazarı investitsiyalardı sho`lkemlestiriw ha`m finanslastırıw ushın jag`day jaratıp beredi. Investitsiya bazarı – investitsiya tovarları, islep shıg`arıw fondlarının` aktiv bo`legi ha`m investitsiya tovarları, islep shıg`arıw fondlarının` aktiv bo`legi ha`m investitsiya xızmetlerinen ibarat bolıp tabıladı. onın` tiykarg`ı elementlerine talap, usınıs ha`m baha kiredi.

Bul elementler ha`r qashan o`zgerip turadı, usı o`zgerisler ekonomikadag`ı ha`m bazar ishindegi faktorlar ta`sirinde ju`z beredi. Ha`r bir investor ushın investitsiyag`a bolg`an talaptı u`yreniw, investitsiya bazarın analiz etip, bunın` ornında o`zinin` investitsiya da`stu`rin islep shıg`ıw za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı.

Ulıwma alg`anda, investitsiyalıq protsess – bul, investitsiyalıq qoyılmalardı usınıs etiliwshilerdi (waqtınshalıq erkin qarjı iyelerin), talap qılıwshılar (investitsiyalarg`a mu`ta`j seziwshiler) menen ushırastırıw mexanizmi bolıp tabıladı.

Ha`r eki ta`rep, a`dette, finans institutları yaki finanslıq bazarlarda ushırasadı. Ayırım hallarda, a`sirese mu`lkiy baylıqlar menen bolg`an pitimlerde satıwshı ha`m satıp alıwshılar tikkeley pitim du`ziwge kirisedi.

Investitsiyalardın` kirip keliwi ko`p jaqtan investitsiya bazarın ha`r ta`repleme u`yreniw, onı boljaw menen u`zliksiz baylanıslı bolıp tabıladı. Investitsiya bazarı investitsiyalardı sho`lkemlestiriw ha`m finanslastırıw ushın jag`day jaratıp beredi.

Investitsiya bazarı – investitsiya tovarları, islep shıg`arıw fondlarının` aktiv bo`legi ha`m investitsiya xızmetlerinen ibarat bolıp tabıladı. Onın` tiykarg`ı tu`rlerine talap, usınıs, ba`seki

ha`m baha kiredi. Bul tu`rlerdin` ha`r qashan o`zgerip turadı, usı  o`zgerisler ekonomikadag`ı ha`m bazar ishindegi faktorlar ta`sirinde ju`z beredi.

Ha`r bir investor ushın investitsiyag`a bolg`an talaptı u`yreniw, investitsiya bazarın analiz etip, bunın` ornında o`zinin` investitsiya da`tu`rin islep shıg`ıw za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp tabıladı

## 2.1 Agrosanaat kompleksi rawajlanıwında investitsiyanın` roli, ko`rsetkishler sisteması ha`m na`tiyjeliligi

Awıl xojalıg`ı islep shıg`arıwına investitsiyalardı tartıw imkaniyatları ha`m og`an ta`sir etiwshi faktorlardı analiz etiw bul jumıstın` izertlewler maqsetlerine ko`re a`melge asırıladı.

Bunın` ushın kommertsiyalıq banklerinin` mag`lıwmatlarınan, ilimiy derekler materiallarınan ha`m O`zbekstan Respublikası Sawda-sanaat palatasının` monitoring materialları na`tiyjelerinen paydalanıldı.

Analizlerge ko`re, finanslastırılg`an investitsiyalıq proektlerdin` sho`lkemlestiriwshilik jumıslar menen baylanıslı bolg`an ko`p g`ana mashqalalar barlıg`ı anıqlandı.

Ma`selen, to`mendegi proektlerde shiyki-zat jetispewshiligi yaki ulıwma alg`anda joqlıg`ı baqlandı: Andijan wa`layatınan «Aq suw», «Usmonxoji» fermer xojalıqları; Buxara wa`layatınan «Qarako`lteks»; Jizzax wa`layatınan «Lalmikor SH» shirket xojalıg`ı; «Djizzax LRS Plast» qospa ka`rxanası; Nawayı wa`layatınan «Navoiy Don Invest» qospa ka`rxanası; Namangan wa`layatınan «Namangan konserva» AJ ha`m basqalar usılar qatarınan bolıp tabıladı. Joqarıda atap o`tilgen ka`rxanalardın` is-ha`reketi import shiyki-zatı tiykarında sho`lkemlestirilgen.

Ayırım proektlerde energiya resursları ha`m suwdın` defitsitligi baqlanbaqta. Ha`zirgi usınday mashqalalar Qaraqalpaqstan Respublikasındag`ı «Ays Jayxun»; «Qaraqalpaqtomat»; «Nan Pasta» AJ, Samarqand wa`layatındag`ı «Zarmar» ka`rxanası, Tashkent qalasındag`ı «ABK» ka`rxanalarında da bar. Bunın` na`tiyjesinde islep shıg`arıwdın` u`zliksizligi buzılmaqta. sonday-aq, u`skenelerdi qayta iske tu`siriw bolsa, u`lken qa`rejetlerdi talap etpekte.

Ayırım proektlerde, isbilermenlik sub`ektlerinin` kommertsiyalıq bankleri menen du`zgen sha`rtnama sha`rtlerine juwap bermeytug`ın u`skeneler qoyılg`anlıg`ı na`tiyjesinde o`nim islep shıg`arıw ko`lemi tolalıg`ınsha a`melge aspay atır. Ma`selen, Qashqada`r`ya wa`layatındag`ı «Rajab-Momo» fermer xojalıg`ında miywelerdi qurıtıw texnologiyalıq liniyası ornatılg`annan son`, sha`rtnama sha`rtlerine juwap bermesligi ma`lim bolg`an.

Islep shıg`arılıp atırg`an o`nimnin` ba`sekige shıdamlı emesligide ma`lim mashqalalardı keltirip shıg`armaqta. Andijan wa`layatındag`ı «Obi Non» jeke firması pechen`e, vafli ha`m nan o`nimlerin islep shıg`aradı. Germaniyadan jan`a u`skene satıp alıw maqsetinde ETRB kredit liniyası esabınan sırtqı ekonomikalıq xızmet milliy banki arqalı 1100,0 mın` AQSH dolları mug`darında kredit alıng`an. Usı ka`rxana iske tu`siwi menen 37 jan`a jumıs orınları jaratılg`an. Biraq, Standartlastırıw komitetinen litsenziya alıw barısındag`ı mashqalalar ha`m o`nimdi

upakovka etiwdi sho`lkemlestiriw islep shıg`arıwdı 1,5 jılg`a keshiktirip, bul waqıt ishinde bolsa, jen`illikli da`wir derlik tamamlap bolg`an. Ha`zirgi ku`nde ka`rxana o`nim islep shıg`arıp atır. Biraq, shiyki-zat resursların satıp alıwda ko`tere satıw bazarları joqlıg`ı ha`m olardın` ayırımların naq pulsız satıp alıp bolmaslıg`ı sebepli islep shıg`arılg`an o`nimnin` bahası joqarı bolıp bazarda ba`sekige shıdamlı emes. Sonın` ushın da ka`rxana o`z u`skenelerin ijarag`a tapsırıwg`a ma`jbu`r bolmaqta.

Ma`mleketimizde innovatsiyalıq proektlerin rawajlandırıw a`melge asırıwdın` ekonomikalıq mexanizmi islep shıg`ılg`an. Innovatsiyalıq ideyalardı qollap-quwatlawdın` pu`tkil bir sisteması joqlıg`ı sebepli, olar proektlik izleniw jumsıları alıp barılıp atırg`an da`wirde-aq, «muzlatıladı» ha`m islep shıg`arıw texnologiyası aqırına shekem islep shıg`arılmaydı. Unamlı mısal sıpatında O`zbekstan Respublikası Sawda-sanaat Palatası ta`repinen texnologiyalar orayının` ilimiy jumısları u`lgilerinen isbilermenlik sub`ektleri ushın 20 en` prioritet innovatsiyalıq usınıslar tan`lap alınıp, islep shıg`arıwg`a usınıs qılıng`anlıg`ın ko`rsetiw mu`mkin. bu`gingi ku`nde usı proektler boyınsha kishi biznes sub`ektleri ushın biznes – usınıslar tayarlaw a`melge asırılmay atır, olar ko`p funktsiyalı SSP «MAROQAND» mag`lıwmat sisteması mag`lıwmatlar bazasına kiritilgen ha`m isbilermenler tikkeley usı proektler menen islew imkaniyatına iye. Ma`selen: «Su`tti qoyıltırıw, ishimlikler ha`m tomat kontsentratın alıw ushın universal u`skene», «Membran protsessleri ja`rdeminde yod islep shıg`arıw ha`m qazıp alıw texnologiyası» usılar qatarınan bolıp tabıladı. Sonı da atap o`tiw kerek, ko`p g`ana rawajlang`an ha`m jetiskenlikli rawajlanıp atırg`an ma`mleketlerde innovatsiyalıq protsessler arnawlı nızamlıq jen`illikler ha`m ma`mlekettin` investitsiyalıq ja`rdemi menen ta`miynlenedi. Ma`selen, AQSH, Kanada ha`m ko`p g`ana Evropa ma`mleketlerinde pu`tkil innovatsiyalıq protsess (kommertsiyalıq na`tiyjesin alg`ang`a deyin) tolalıg`ınsha salıqlardan azat etiledi, Avstraliyada bolsa, 100 mın` AQSH dollarınan u`lken ko`lemdegi innovatsiyalıq kapital qoyılmag`a, ma`mleket byudjetindegi investitsiyanın` kapital ko`rinisinde subsidiyalar qosıp beriledi. Sonın` ishinde, Almaniya ha`m Izrailda bolsa, byudjet qarjıları esabına texnologiyalıq parkler sho`lkemlestiriledi.

Ekonomikalıq jaqtan import ornın basatug`ın proektlerdi a`melge asırıwda tarmaq strukturaların kishi biznes sub`ektleri menen kooperatsiyası (birgelikte) xızmet ju`ritiwi jaqsı jolg`a qoyılmag`an. Ma`selen: Tashkent wa`layatınan «Ulug`bek Orzuları» fil`tr bel`ting, fil`tr diagonal` ha`m gidrofob qaplamalı mata (brezent) islep shıg`aradı. Usı ka`rxana islep shıg`aratug`ın o`nim import ornın basıwshı esaplanadı ha`m onın` tiykarg`ı tutınıwshıları jen`il sanaatı, azıq-awqat, paxta tazalaw sanaatı, qorg`anıw ministrligi, ishki isler ministrligi ha`m basqa sho`lkemler bolıp tabıladı.

Usı mısallar bazar qatnasıwshılarının` islep shıg`arıwdı ken`eyttiriwi ha`m o`nimdi realizatsiya qılıwı bir qıylı sha`rayatlar jaratılmag`anlıg`ınan da`lilet beredi.

Bunday proektlerdi a`melge asırıw ma`mleket valyuta qa`rejetlerin kemeyttiriwge ha`m jergilikli kishi biznes ka`rxanalarının` rawajlanıwına ko`meklesedi.

Ma`mleketimiz ashıq ja`miyet ha`m erkin bazar ekonomikası payda bolıw jolınan barıp atırg`anlıg`ın esapqa alg`an halda, birinshi na`wbette bazardın` ba`rshe qatnasıwshılarına (mu`lkshilik tu`rinen qatan` na`zer) bir qıylı sha`rayatlar jaratıw kerek. Ko`p g`ana hallarda, islep shıg`arıw xızmeti ushın shiyki- zat ha`m materiallar kommertsiyalıq bahalarda satıp alıng`anlıg`ı ushın, islep shıg`arılıp atırg`an o`nim sapalı bolıwına qaramastan ba`sekige shıdamlılıg`ın jog`altadı. Na`tiyjede ko`p g`ana isbilermenler o`z xızmetin toqtatıp qoyadı. Usı mashqalanın` tiykarg`ı sebepleri – xalıq ta`repinen sapalı o`nimlerdi satıp alıw qa`biletinin` pa`sligi ha`m kishi biznes sub`ektlerin kvotalanatug`ın materiallıq shiyki-zat resursların birjalardan satıp alıw imkaniyatlarının` ha`zirshe salıstırmalı pa`sligi bolıp tabıladı.

Milliy valyuta finanslastırılg`an proektler masshtabındag`ı aktual mashqalardan biri – bul kredit sha`rtnamaları qol qoyılg`an ku`nge qarag`anda AQSH dolları kursının` keskin (4 ma`rtebe) asıwı esabına qarız alıwshının` mu`ddeti o`tip ketken qarızlarının` ko`beyiwi bolıp tabıladı. Bunday jag`dayda kredit minnetlemelerin qaplaw ushın islep shıg`arıwdı o`siwin bir neshe ma`rtege asırıw kerek boladı. Biraq, O`zbekstan Respublikası SIF MB nın` qararına ko`re qarızdar ka`rxanalar esap nomerine tu`sken ba`rshe pul qarjıları «muzlatılıp», kredit ha`m protsentler boyınsha to`lewlerge bag`darlanadı. Bul bolsa, islep shıg`arıw su`wretinin` o`siwine emes, ba`lkim aylanba qarjılar jetispewshiligi sebepli kemeyiwine alıp keledi.

Usı mashqala to`mendegi xızmet ko`rsetip atırg`an ka`rxanalar xızmetinde ushıraydı:

- «Qus tag`am» jeke islep shıg`arıw ka`rxanası, (Tashkent qalası) – tuqımdı upakovka etiw ıdısların islep shıg`arıw kredit summası 400,0 mın` D.M. (kredit 2012 jılda KfW liniyası boyınsha alıng`an) 01.07.13 ke bolg`an qarız 63 mın` Evronı quradı;

- «Osiyo food» jeke ka`rxanası (Tashkent qalası) – makaron, konfet ha`m nan o`nimleri islep shıg`aradı. Kredit summası 1495,0mın` AQSH dollarına ten` (kredit 2012 jıl OTB liniyası boyınsha alıng`an);

-«Green World» qospa ka`rxanası (Tashkent qalası) – awıl xojalıq o`nimlerin qayta islew menen shug`ıllanadı. Kredit summası 4000,0 mın` AQSH dollarına ten`. (Kredit 2012 jılda OTB liniyası boyınsha alıng`an).

SHet el kredit liniyaları esabına finanslastırılg`an ka`rxanalar ushın usı mashqalanı analiz etip, kurs parqı o`zgerisi qatnası menen kredit minnetlemelerin orınlaw sha`rtlerin qayta ko`rip shıg`ıw, olardın` mu`ddetin o`zgerttiriw, kreditler boyınsha aylıq to`lewlerdi ornatıw aktual

ma`sele esaplanadı. Esap nomerine tu`setug`ın qarjılardan paydalanıwdın` bar ta`rtibin qayta ko`rip shıg`ıp, olardı to`mendegi bo`listiriwin ornatıw maqsetke muwapıq boladı:

-kredit sha`rtnamaları boyınsha waqtı o`tip ketken qarızlardı to`lewge 30 protsent;

- kreditti qaplawdan aldın shiyki-zat satıp alıwg`a, is haqı to`lewge, byudjet to`lewlerin a`melge asırıwg`a, ekspluatatsiya qa`rejetlerine – 70 protsent.

Ha`zirgi ku`nde awıl xojalıg`ında isbilermenlikti rawajlandırıw ushın bir qatar qatan` mashqalalar bar bolıp, olardın` sheshimin izlew de ilimiy, ha`m a`meliy jaqtan aktuallıq a`hmiyetke iye.

Olardın` en` tiykarg`ısı investitsiyalıq proektler boyınsha alınatug`ın bank kreditleri ta`miynatının` joqlıg`ı yaki onın` joqlıg`ı bolıp tabıladı.

O`zbekstan Sırtqı ekonomikalıq xızmet Milliy Bankinin` (Sif MB) kishi isbilermenlik investitsiyalıq proektlerin finanslastırıw ta`jiriybesinin` ko`rsetiwinshe, isbilermen aldında kreditler ta`miynatının` jeterli bolmaslıg`ı ma`selesi keskin turıptı. Atap o`tilgen proektlerdin` finanslastırılmay atırg`anlıg`ının` tiykarg`ı sebeplerinen biri (60-70 protsent hallarda) usında bolıp tabıladı. Mısal SIF MB nın` o`zinde, bank ta`repinen maqullang`an bir neshe proekt boyınsha finanslastırıw, girew ta`miynatının` jeterli bolmag`anlıg`ı ushın, a`melge asırılmay atır. Olarg`a to`mendegi proektlerdi kiritiw mu`mkin: miywe ha`m palızlardı qurıtıw proekti «Zarzamin» fermer xojalıg`ı, ta`biyat paxtasın islep shıg`arıw boyınsha «Leut de Buxara» qospa ka`rxanası kontsentratlang`an anar ishimligin islep shıg`arıw boyınsha «Agros AB» qospa ka`rxanası ha`m basqalar.

Usı mashqalalar ma`mlekette bar sha`rayatlarda bir qatar faktorlar ta`sirinde ja`ne de keskinlesedi:

- ko`shpes mu`lk bazarının` salıstırmalı pa`s rawajlang`anlıg`ın (islep shıg`arıwg`a mo`lsherlengen). Bul hal a`sirese awıl orınlarında anıq ko`zge taslanadı;

- isbilermenlerdi girew ta`miynatına kepillik beriwi mu`mkin bolg`an turaqlı kompaniyalar sanının` sheklengenligi yaki kemligi;

-girewge qoyılg`an mu`lk kredit berilip atırg`an valyutada bahalanadı, valyuta bazarının` erkinlesiwi (AQSH dollarının` swmg`a salıstırg`anda kursının` asıwı) girew ob`ektleri qunının` pa`seyib ketiwine alıp keledi, usı menen birge ka`rxananın` o`z qarjıları da arzanlasadı.

Joqarıda ko`rsetilgen faktorlar shet elvalyutasında kredit alıwg`a da ta`sir ko`rsetpekte.

Bul mashqala tek g`ana o`tiw ekonomikası da`wirindegi ma`mleketlerde, ba`lkim rawajlang`an Evropa ma`mleketleri, AQSH ha`m YAponiyada da bar. Usı ma`mleketlerde arnawlı sho`lkemlestirilgen ma`mleket kepillik fondları kommertsiyalıq banklerine kreditti 75-90 protsentti qaplanıw kepilligin beredi.

SHet el ta`jiriybesine ko`re, respublikadag`ı kommertsiyalıq banklerinde jeterlishe kredit resurslarının` (sonnan, jen`illiklerdin` de) barlıg`ın ja`ne de aktuallıg`ın esapqa alg`an halda, alınıp atırg`an bank kreditlerinin` girew ta`miynatı joqlıg`ın isbilermenlikti qollap-quwatlawdın` ma`mleket kepillik fondın sho`lkemlestiriw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Fond resursların qa`liplestiriwdin` derekleri sıpatında:

- kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik tarawına (byudjetten tısqarı ha`m basqa fondlarg`a) bag`darlanatug`ın ma`mleket mu`lkin menshiklestiriwden tu`sip atırg`an qarjılar;

- menshiklestiriw da`stu`ri boyınsha rezident bolmag`anlardan kelip u`sip atırg`an erkin konvertatsiyalang`an valyutadag`ı (EKV) qarjılar ha`m basqalar xızmet qılıwı mu`mkin.

Usı mexanizmdi a`melge asırılıwı bank kreditlerin alatug`ın awıl xojalıg`ında tovar o`nimleri islep shıg`arıwshı sub`ektler sanın ken`eyttiriwge imkan beredi ha`m usı tarawda bar proektlerin mu`mkin bolg`an ta`wekelshiliklerin optimal bo`listiriw imkanın beredi.

2004-2012 jıllar dawamında kishi biznesti rawajlandırıw da`stu`ri masshtabında tartılg`an shet ellik kredit liniyaları qarjıları masshtabında, respublika finanslıq institutları ta`repinen, tiykarınan azıq-awqat sanaatı (su`tti qayta islew ha`m su`t o`nimlerin islep shıg`arıw, vino, pivo ha`m salqın ishimliklerdi quyıw, muzqaymaq islep shıg`arıw), jen`il sanaat ha`m qurılıs materialları tarawlarındag`ı investitsiyalıq proektler ko`birek finanslastırıldı.

Respublikada kishi biznestin` sho`lkemlestiriliwi ha`m rawajlanıwının` baslang`ısh basqıshlarında joqarıda atap o`tilgen bag`darlar aktual bolıp, olar u`lken sotsiallıq a`hmiyetke iye boladı. Bul ishki bazardı respublikada islep shıg`arılg`an tutınıw tovarları menen bo`legi jag`ınan toltırıwg`a ha`m o`nimlerdin` ayırım tu`rleri boyınsha respublika eksport potentsialın asırıwg`a imkan berdi.

Usı menen birge, ha`zirgi ku`nde ekonomikanın` ayırım tarawlarında o`nimlerdi qayta islep shıg`arıwdın` disbalansı baqlanbaqta.

Usı mashqalanı sheshiwge qaratılg`an to`mendegi usınıstı beriw mu`mkin. YAg`nıy: ma`pdar ministrlikler, ma`keme ha`m sho`lkemler, orınlardag`ı ha`kimiyat organları ha`m respublika kommertsiyalıq bankleri menen birgelikte «Awılda isbilermenlikti rawajlandırıwdın` ma`mleket Da`stu`ri»n islep shıg`ıw lazım. Onda geografiyalıq jaylasıwın, transport, injener-kommunal infrastrukturasın, shiyki-zat, materiallıq-texnikalıq, islep shıg`arıw ha`m miynet resursların ishki bazar mu`ta`jleri ha`m aymaq eksport imkaniyatların sonday-aq, finanslastırıwdın` potentsial qarjıların esapqa alıp, awılda isbilermenlikti ten` salmaqlı bolg`an halda rawajlanıwı siyasatı o`z sa`wleleniwin tabıwı kerek. Na`tiyjede, shet el bazarlarının` muwapıq segmentlerin maqsetli marketing izleniwlerine tiykarlang`an halda islep shıg`arılg`an jan`a, joqarı texnologiyalıq, awıldag`ı isbilermenlerge mo`lsherlengen

investitsiyalıq proektler ju`zege keledi. Bunday proektler respublika ekonomikasının` basqa jetekshi tarmaqlarında da payda boladı.

Za`ru`r mag`lıwmat ta`miynatının` jetispewshiligi sebepli ha`zirgi ku`nde isbilermenler ha`m biznes reje du`ziwshi injiniring kompaniyaları investitsiyalıq proektti a`melge asırıw menen ju`zege keliwshi ta`wekelshiliklerdi ha`mme waqıt ta anıq oy-pikir ete almaydı.

Bu`gingi ku`nde o`nimdi eksport qılıwdag`ı marketing izleniwleri jeterlishe alıp barılmay atır.

Ha`zirgi waqıtta bul mashqalalardı sheshiw ushın O`zbekstan Respublikası Sawda-sanaat Palatası, ja`ne de Diyxan Fermer xojalıqları birlespesi (DFXB), sonday-aq, Bankler Assotsiatsiyası, «Uzinvestproekt» ha`m shet el investitsiyaları boyınsha Agentlik is-ha`reketin aktivlestiriw kerek. Usı sistemalar xojalıq sub`ektlerinin` investitsiyalıq proektlerin, isbilermenler menen birgelikte onı a`melge asırıwdı ba`rshe basqıshlarında baqlap barıwları ha`m qorg`aw qılıwların usınıs etiw mu`mkin, (proektlik ideyadan, onı islep shıg`arılıwı, ekspertizası, a`melge asırıw ha`m kreditti qaytarıwg`a shekem).

Territoriyalıq da`rejede mag`lıwmatlardın` informatsion-analizli bazasın islep shıg`ıw ha`m engiziw jumısqa tu`siriliwi kerek. Onın` ja`rdeminde isbilermenler orınlarda, investitsiyalıq proektlerdi islep shıg`ıw protsessinde, ba`rshe sawallar boyınsha a`meliy ja`rdem alıwları mu`mkin.

Usı mu`na`sibet penen sırtqı bazarlardı u`yreniwde a`meliy ja`rdem ko`rsetiw maqsetinde Sawda-sanaat Palatası Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar, investitsiyalar ha`m sawda ministrligi menen birgelikte:

- marketing izleniwleri alıp barıwda ha`m tovar o`nimlerin eksport qılıwında awıldag`ı isbilermenlerge ja`rdem ko`rsetiw;
- bazarlardı analiz etiw ha`m eksportqa bag`darlang`an o`nimdi islep shıg`arıwdın` ha`r tu`rli pazıyletleri boyınsha usınıslar beriwdey a`meliy jumıslardı atqarıw maqsetke muwapıq boladı.

Sonday-aq, agrar taraw boyınsha esabat sistemasının` jetilistiriliwi, tovar o`nimleri islep shıg`arıwshılar ha`m tutınıwshılar bazarları, bahalar da`rejesi ha`m basqa ma`selelerde marketing izleniwlerin alıp barıwda ja`rdem beriwleri kerek (tiyisli mag`lıwmatlar menen). Bunday mag`lıwmatlar menen isbilermenlerdi ta`miynlew awıl xojalıq sub`ektlerinin` biznes proektlerin a`melge asırıw strategiyasın islep shıg`ıwdı tezlestiredi.

Bunnan tısqarı, ha`zirgi ku`nde valyuta bazarının` erkinlesiwi mu`na`sibeti menen shet el krediti liniyaları masshtabındag`ı investitsiyalıq proektler boyınsha usınslardın` keskin kemeyiwi baqlanbaqta. joqarıda aytıp o`tilgenindey, AQSH dollarına salıstırg`anda swm kursının` o`zgeriwi tek g`ana girew ta`miynatı qunına ha`m ka`rxananın` o`z kapitalına, ba`lkim proektler

qaplanıwına da o`z ta`sirin ko`rsetedi (a`sirese, ishki bazarg`a mo`lsherlengen ha`m import qılınatug`ın shiyki-zatqa baylanıslı proektler).

Proekttin` a`melge asırılıwı protsessinde nızamshılıq ha`m normativ aktlerde payda bolatug`ın o`zgerisler (bajıxana, salıq, aktsiz, qosımsha qun salıg`ı (QQS) sistemalarının` o`zgeriwi ha`m basqalar), proekttin` shegaralıq ko`rsetkishlerinen shetke shıg`ıwg`a yaki ulıwma alg`anda islep shıg`arıwdı toqtatıwg`a alıp keledi.

Usınday qılıp, 2012 jıl import tovarlarına 20 protsent QQS kiritiliwi menen bir qansha ka`rxanalar (shet el kreditleri resursları arqalı finanslastırılg`an) bahalar asıp ketiwi mu`na`sibeti menen o`z xızmetin toqtatıwg`a ma`jbu`r boldı.

Sonday-aq, kurs o`zgeriwi menen da`ramat salıg`ın to`lew mashqalası da isbilermenlik sub`ektleri ushın keskin tu`s aldı. Atap o`tilgen tosıqlardı alıp taslaw awılda isbilermenlerdin` rawajlanıwına sezilerli tu`rtki bolar edi.

Bunnan basqa iri jergilikli ka`rxanalar bazasında mini-texnologiyalar islep shıg`arıw boyınsha da`stu`r islep shıg`ıw kerek boladı.

Zamanago`y texnologiyalardı satıp alıw imkaniyatların ken`eyttiriw, shet el valyutasındag`ı qa`rejetlerdi kemeyttiriw, ha`m jergilikli islep shıg`arıwshılardı qollap-quwatlaw maqsetinde, iri jergilikli ka`rxanalar bazasında jergilikli shiyki-zat resursların qayta islew boyınsha mini-texnologiyalarg`a buyırtpalardı jaylastırıw kerek boladı. Bunın` ushın O`zbekstan respublikası Sawda-sanaat Palatası, Diyxan Fermer xojalıqları birlespesi, iri milliy islep shıg`arıwshılar menen birgelikte xızmettin` prioritet bag`darların belgilep, olar tiykarında bankler ha`m lizing kompaniyalarının` kredit qarjıların o`zlestiriw imkaniyatların esapqa alıp, proektlerdi islep shıg`ıw kontseptsiyası a`melge asırıladı. SHet el finanslıq resurslardı tartılg`anlıg`ı sebepli islep shıg`arılatug`ın tovar o`nimlerin eksport qılıw kerek boladı.

Sonın` ushın milliy islep shıg`arıwshılardın` eksport potentsialın rawajlandırıw ku`n ta`rtibinde turg`an en` za`ru`r ma`selelerden biri bolıp tabıladı.

Tovarlardı shet el bazarlarına alıp shıg`ıwda milliy islep shıg`arıwshılar ob`ektiv qıyınshılıqlarg`a dus kelmekte. Sebebi, birde-bir ma`mleketke eksportı baslawdan aldın, tek g`ana ulıwma marketing izleniwlerin o`tkiziw, ba`lkim anıq kompaniyalar ha`m potentsial tutınıwshılar menen baylanıslardı ornatıw, za`ru`r bolg`an litsenziyalar ha`m sertifikatlardı alıw, ta`jiriybeli tovar partiyasın jetkiziw ha`m basqa jumısların a`melge asırılıwları kerek boladı. Bulardın` ha`mmesi waqıt ha`m finanslıq qa`rejetlerdi talap etedi. Awıl xojalıg`ı ka`rxanaları ushın bolsa, usı mashqalalar bir qansha qıyınshılıq tuwdıradı.

Sonın` ushın ma`mleket (Sırtqı baylanıslar, investitsiyalar ha`m sawda ministrligi, Ma`mstandart, jergilikli ha`kimiyat) ha`m ma`mleketlik emes (Palata, DFXB) sho`lkemlerinin` kishi firmalarına, olardın` o`nimlerin sırtqı bazarlarg`a shıg`arıwda ja`rdem beriwi ja`ne de

aktual bolıp qalmaqta. SHet eldegi O`zbekstan diplomatiyalıq missiyalarının` imkaniyatların jumısqa salıp, shet el kompaniyaları menen baylanısların ornatıw, milliy tovarlardı shet eldegi reklamasın a`melge asırıw, eksport ta`wekelshiligin qamsızlandırıwdın` ma`mleketlik sistemasın rawajlandırıw kerek boladı. Respublikadag`ı iri eksport qılıwshı isbilermenlik sub`ektlerinin` ta`jiriybelerinen de na`tiyjeli paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Eksport boyınsha ja`rdem ko`rsetiwshi Oraylardı sho`lkemlestiriw ha`m olarda joqarıda ko`rip shıg`ılg`an strukturalar qatnasın ta`miynlew maqsetke muwapıq boladı. Bunday oraylar sırtqı bazarlar kon`yunkturası boyınsha usınıslar beriw, birge islewdi izlep tabıw ha`m tiyisli hu`jjetlerdi ra`smiylestiriwde ja`rdem beriwleri mu`mkin.

Joqarıda atap o`tilgenlerge tiykarlanıp bul jumısta to`mendegi ilajlar sisteması usınıs etiledi, yag`nıy:

- territoriyalıq da`rejede maqsetli ha`m na`tiyjeli ta`rizde awıl xojalıg`ında isbilermenlikti rawajlandırıw, bar finanslıq, shiyki-zatlıq, miynet ha`m basqa resurslardı optimal bo`listiriw ha`m bag`darlaw;

- ishki bazardı ma`mlekette islep shıg`arılg`an tutınıw tovarları menen tezirek toltırıw ha`m usı menen birge usı tu`rdegi o`nimdi import qılıwg`a sarplanatug`ın valyuta qarjıların kemeyttiriw;

- kredit resurslarının` finanslıq bazarın rawajlandırıw;

- agrar tarawg`a tiyisli bolg`an proektlerdi finanslastırıw ta`wekelshiliklerdi ma`mleket sho`lkemleri, kommertsiyalıq bankleri ha`m kishi biznes sub`ektleri arasında tuwrı bo`listiriw;

- shet el kredit liniyaları esabına a`melge asırılatug`ın investitsiyalıq proektler boyınsha potentsial klientler masshtabın ken`eyttiriw;

- tovar o`nimleri islep shıg`arıwshı xojalıqlardın` eksporttan alg`an da`ramatın sezilerli asırıw;

- shet ma`mleketleri unamlı ta`jiriybelerin esapqa alıp, ma`mleket ishki o`niminde isbilermenlik sub`ektlerinin` u`lesin bir neshe ma`rtebe asırıw, imkaniyatların izlew ha`m basqalar.

Kredit resursların tartıw tiyisli ma`kemeler ta`repinen rejelestirilgen bolıwı kerek. Usınday eken, shet el kredit liniyaları esabınan ajıratılg`an kredit resursları dinamikasın ko`rip shıg`ıw maqsetke muwapıq boladı. Bunın` ushın O`zbekstan Respublikası Sawda-sanaat Palatasının` alıp barg`an monitoringi na`tiyjelerinen paydalanamız. 2008-2012 jıllar dawamında usı kredit resursları turaqlı ta`rizde asıp barg`an. 2008 jıl 56,7 mln. AQSH dollarınan 2010 jılda 228,7 mln. AQSH dolları ha`m 2013 jılda 384,0 mln. AQSH dollarına shekem ko`beygen.

Ajıratılg`an qarjılardı o`zlestiriliwi salıstırmalı pa`sliginin` tiykarg`ı sebepleri dep to`mendegilerdi ko`rsetiwimiz mu`mkin:

- shet el kredit liniyaları ha`m kommertsiyalıq bankleri ta`repinen awıl isbilermenleri ushın o`te qattı finanslıq talaplardın` qoyılıwı;

- wa`kalatlı banklerdegi byurokratiyalıq talaplar, sub`ektiv faktorlar;

- kredit beriwde wa`kalatlı banklerdin` minnetlemeleri anıq belgilenbegen ha`m olar ta`repinen biznes-rejelerdi ko`rip shıg`ıw aylap, ha`tteki jıllap ta sozılıp ketiw mu`mkin.

2010-2013 jıllar dawamında milliy valyutada ba`rshe finanslaw derekleri esabınan isbilermenlik sub`ektlerine 551,4 mlrd. swm kredit resursları ajıratılg`an. Sonnan:

- banklerdin` o`z qarjıları esabınan – 509,0 mlrd. swm;

- byudjetten tısqarı fondlardın` qarjıları esabınan – 42,0 mlrd. swm.

Sonı atap o`tiw kerek, kommertsiyalıq banklerinin` o`z qarjıları esabınan ajıratılg`an kredit resurslarının` shama menen 27 protsenti Tashkent qalasına tuwrı keledi.

O`z na`wbetinde byudjetten tısqarı fondlardın` kredit qarjıların Tashkent wa`layatı sub`ektleri ta`repinen o`zlestirilgen bolıp, ol shama menen a`a` protsentti quraydı.

Usı mag`lıwmatlar tiykarında sheshim qılıw mu`mkin, tartılg`an investitsiyalardın` na`tiyjeliligin asırıw ko`p hallarda sho`lkemlestiriw faktorlarg`a, isbilermenlik sub`ektlerinin` ekonomikalıq ha`m huqıqıy bilimi da`rejesine, konsalting ha`m injiniring firmalarının` sapalı ha`m tiykarlang`an biznes – proektler islep shıg`ıwlarına ha`m xojalıq sub`ektlerine o`z lawazımı boyınsha ja`rdem beriwi lazım bolg`an xızmetkerlerdin` juwapkershiligine baylanıslı bolıp tabıladı.

Demek, awıl xojalıg`ı ka`rxanalarının` investitsiyalardan paydalanıw imkaniyatları ko`p jaqtan «ishki» faktorlarg`a baylanıslı bolıp tabıladı.

## 2.2 Awıl xojalıg`ına investitsiyalardı tartıwdı boljaw modelleri

Agrar tarawg`a investitsiyalardı tartıwdı prognozlastırıwdın` statistikalıq determinallasqan ma`selesi to`mendegishe ko`riniste bolıwı mu`mkin: ma`lim bolg`anınday, qayta islew ka`rxanalarında bir qıylı awıl xojalıq o`niminen tu`rlishe ko`lemdegi ha`m proportsiyadag`ı son`g`ı tovar o`nimler islep shıg`arılıwı mu`mkin. Bul tiykarınan u`skeneler ha`m texnologiyalarg`a baylanıslı bolıp tabıladı. i – tu`rdegi islep shıg`arıw protsesslerin rawajldandırıwg`a investitsiya sapasındag`ı ha`r bir mın` swm, j – tovar o`niminin` birgeliktegi jıllıq bij tonnasın islep shıg`arılıwın ta`miynleydi. Bar bolg`an naq shiyki-zat resurslarında (A matritsası), jumıs ku`shinin` berilgen limitinde (jılına T saat jumıs), ha`r bir islep shıg`arıw protsessine sarp bolatug`ın shiyki-zat norması ha`m jumıs sıyımı ma`lim bolg`anda, i - tovar o`nimine bolg`an talaptı Bi tonnag`a qandırılıwın ta`miynlewshi reje du`zilgen bolıwı kerek. Agrar tarawdı rawajlandırıw rejesin du`ziw ushın kerek bolg`an kapital qoyılmalardın` en` kem summasın anıqlaw talap qılınadı.

To`mendegi belgilewlerdi kiritemiz:

n –islep shıg`arıw protsessleri mug`darı;

m – o`nim tu`rleri mug`darı;

xi – I tu`rdegi texnologiyag`a bolg`an investitsiyalar ko`lemi (mın` swmda);

aij ha`m tij – i – islep shıg`arıw protsessinde j – tu`rdegi o`nim birligine bolg`an shiyki-zat ha`m miynet qa`rejetleri (tiyisli ta`rizde).

Materiallıq ha`m miynet resursları sheklenbegenligin sa`wlelendiriwshi ten`sizliklerdi to`mendegishe jazıp ko`rsetiw mu`mkin:

$$\sum_{i=a`}^{n} \left(\sum_{j=a`}^{m} a_{ij} \cdot b_{ij}\right) \cdot x_i \leq A$$

$$\sum_{i=a`}^{n} \left(\sum_{j=a`}^{m} t_{ij} \cdot b_{ij}\right) \cdot x_i \leq T$$

Ha`r bir tovar o`nimine bolg`an mu`ta`jdi tolıq qandırıw sha`rtleri to`mendegi ten`sizlik arqalı belgilenedi:

$$\sum_{i=a`}^{n} b_{ij} \cdot x_i \leq B_j \quad j=1,2\ldots m$$

Maqsetli funktsiya to`mendegi ko`riniske iye boladı:

$$F(x) = \sum_{i=a`}^{n} x_i \rightarrow \min$$

Mma`selenin` bunday qoyılıwında basqarılıwshı o`zgeriwshiler sıpatında investitsiyalar mug`darı xızmet qıladı.

Ma`seleni basqa maqsetli funktsiyalar arqalı da ko`rip shıg`ıw mu`mkin. Ma`selen, egerde texnologiyalarg`a bolg`an kapital qoyılmalar K ulıwma summasının` limiti berilgen bolsa ha`m sol mu`ta`jliklerdi qandırıw talap qılınsa (biraq, keleshektegi jıllıq qa`rejetler minimumında). $C_i$ – i tu`rdegi islep shıg`arıw protsessinde qayta islenetug`ın shiyki-zatı birliginin` o`zine tu`ser bahası bolsa, onda ornına maqsetli funktsiya ushın to`mendegi sa`wleleniw jazıw mu`mkin:

$$\sum_{i=a`}^{n} \left(\sum_{j=a`}^{m} a_{ij} \cdot b_{ij}\right) c_i \cdot x_i \rightarrow \min$$

$$\sum_{i=a`}^{n} x_i \leq K$$

Investitsiyalarg`a da ag`ımdag`ı qa`rejetlerge de salıstırmalı en` ekonom ta`rizde, berilgen mu`ta`jlerdi ilajı barınsha tolıq qandırılıwın ta`miynlewshi rejeni du`ziw ma`selesin de qoyıw mu`mkin. egerde to`mendegi belgilewlerdi kiritsek:

$\sigma$ -investitsiyalar na`tiyjeliligi norması, $\varepsilon$ - ag`ımdag`ı jıllıq qa`rejetler. Onda keltirilgen qa`rejetler u`lkenligin minimumg`a alıp keliw kerek, yag`nıy, $\varepsilon+\sigma\cdot K$. Egerde, Ci - i – tu`rdegi islep shıg`arıw protsessinde bir-birlik shiyki-zatqa tuwrı keletug`ın keltirilgen qa`rejetler bolsa, onda ma`sele formulaları sa`wlelenedi.

Islep shıg`arıwdı rawajlandırıwg`a investitsiyalardı tartıwdı rejelestiriwdin` dinamikalıq modellerin qollaw bul jumıstın` izertlewler maqsetlerine say keletug`ın kelip shıg`ıp, ma`seleni determinallasqan dinamikalıq model` ko`rinisinde qa`liplestiriw mu`mkin.

Awıl xojalıq o`nimlerin qayta islewshi ka`rxana birde-bir o`nim islep shıg`aradı. Ha`r bir t da`wirde, bul o`nimge bolatug`ın B(t) talap mug`darın boljaw qılıw mu`mkin. ma`lim bolg`anınday, t=0 de bul ka`rxana o`nimlerine artıp barıp atırg`an talaptı qandırıw ushın ka`rxana quwatları jetpeydi. Sonın` ushın ka`rxana za`ru`r bolg`an invesitsiyalardı a`melge asırıp, islep shıg`arıw quwatların arttırıwdı rejelestiredi. Ka`rxana islep shıg`arıw quwatın, za`ru`r u`skenelerdi satıp alıp, ko`beyttiriliwin M usılı bar. Esaptın` ha`r bir qa`demi ushın operatsiyalıq ha`m investitsiyalıq xızmetlerinin` pul ag`ımları u`lkenlikleri arasındag`ı baylanıslılıq ta ma`lim dep alamız. Pu`tkil investitsiyalıq proekt ushın en` qolay varianttı tan`law lazım boladı (finanslaw sxemasın esapqa almastan).

Bunda tiykarg`ı o`lshem sıpatında S ko`rsetkishin qollaymız ha`m qaplawı mu`mkin bolg`an diskontlang`an da`wirge ha`m da`ramatlılıqqa (IDN - ishki da`ramat norması u`lkenligi) qoyılg`an sheklewleri de esapqa alamız.

To`mendegi belgilewlerdi kiritemiz:

T – proektti rejelestiriwdin` perspektivalı ba`rshe variantlar ushın bir;

M – investitsiyalıq proekt da`stu`rindegi ka`rxananın` investitsiyalıq xızmeti variantları mug`darı;

E – investitsiyalıq proektlerdin` diskont norması;

I (m) – m – nomerli proekt variantı ushın sap diskontlang`an da`ramat;

I (t) – t jıldag`ı investitsiyalar ko`lemi;

$I^{max}$ (t) – t jılda maksimal mu`mkin bolg`an investitsiyalar ko`lemi;

I w = [I (a`0, I (a`),…, I (t)] – esap da`wirleri boyınsha investitsiyalardı bo`listiriw vektorı;

$T^{max}_{qop}$ – investitsiyalıq proekt qaplanıwının` maksimal diskont mu`ddetin mu`mkin bolg`an u`lkenligi;

$T_{qop}$ – investitsiyalıq proekt qaplanıwının` diskont mu`ddetin mu`mkin bolg`an u`lkenligi;

$U_{mk}$ – investitsiyalardı IDN u`lkenliginin` minimal mu`mkin bolg`an mug`darı;

$C^{(i)}(t)$ – t jıldag`ı investitsiyalıq xızmettin` pul ag`ımı elementi;

$C^{(i)}(t)$ – t jıldag`ı operatsiyalıq xızmettin` pul ag`ımı elementi;

Maqsetli funktsiya ushın to`mendegi sa`wleleniwdi jazıw mu`mkin:

$$Im = \sum_{i=a`}^{T} \frac{C(t)}{(a`+E)^{t}} — Io$$

bul jerde:

S(t) – t jıldag`ı pul ag`ımları jıyındısının` elementi;

Io – baslang`ısh investitsiyalıq qa`rejetler.

Pu`tkil investitsiyalıq proekt na`tiyjeliligin bahalawda investitsiyalıq ha`m operatsiyalıq xızmettegi ag`ımlardı esapqa alamız:

$$C(t) = C^{(i)}(t) + C^{(0)}(t)$$

Pu`tkil rejelestiriw keleshektegi $I^*$ maqsetli funktsiyasının` en` u`lken qunın ta`miynlewshi, investitsiyalıq proekttin` $m^*$ variantın tan`law kerek:

$$I^* m^* = \max \sum_{i=a`}^{T} \frac{C(t)}{(a`+E)^t} - Io$$

bul jerde: $I^*$ (NPV) – proekt variantının` sap diskontlang`an qunının` en` joqarı u`lkenligi.

Integral shekleniwler sıpatında IDN nin` minimal mu`mkin bolg`an u`lkenligi ha`m qaplanıwdın` maksimal mu`mkin bolg`an da`wiri sheklewlerin kiritiw mu`mkin:

$$IRR = \Upsilon_{min}^{(a`0)},\ T^{max}_{ok} \geq T_{ok}$$

Ko`rinip turg`anınday, ha`r bir qa`demdegi investitsiyalar ko`lemi de sheklengen.

$$I(t) \leq I^{max}(t),\ t = 0, a`, \ldots, T$$

Berilgen diskret optimallastırıwdın` dinamikalıq ma`selesin sheshiw ushın dinamikalıq da`stu`rlew usılın qollaw mu`mkin.

Determinallasqan modeller tiykarındag`ı esap-kitaplar a`lbette izertlew maqsetlerin, tovar o`nimleri islep shıg`arıwshı ka`rxanalar mu`ta`jlerin qandırıwı mu`mkin. biraq, reformalardın` teren`lesiwi da`rejesi ilimiy qollanbalar na`tiyjelerine bolg`an talaptın` ku`sheygenligin inabatqa alıp dinamikalıq modellerdin` sheshimi bir qansha qıyın bolıwına qaramastan stoxastikalıq modellestiriw printsiplerin bul jumısta keltiriwdi maqsetke muwapıq dep taptıq.

Islep shıg`arıwdı rawajlandırıwg`a investitsiyalardı tartıwdı rejelestiriwdin` stoxastikalıq dinamikalıq modelin ko`rip shıg`amız.

Awıl xojalıq o`nimlerinen ishimlik tayarlawda eki u`skeneli texnologiya isletiw ko`zde tutıladı. Olardın` ha`r birinde birgelikte bir litrlik ıdısta ishimlik islep shıg`arıladı. Egerde u`skene islemey qalsa ishimlik islep shıg`arılmaydı yaki sapasız boladı, bul $S_2$ zıyang`a alıp keledi. Egerde u`skene ulıwma buzılıp qalsa onı du`zetiw ushın u`skene toqtatılıwı lazım, bunda

jumıs ku`shi qunın sa`wlelendiriwshi $S_3$ ha`m joytılg`an islep shıg`arıw waqtın sa`wlelendiriwshi $S_4$ qa`rejetler ju`zege keledi. Jan`a u`skenenin` bahası $S_1$.

Mashina toqtatılsa, ekinshi u`skeneni almastırıw qa`rejetleri bunday u`skene bahasına ten` deyik.

U`skenelerdin` buzılıp qalıwg`a shekem almastırsaq $S_2$ ha`m $S_4$ qa`rejetler bolmas edi. Biraq, bunday siyasat ko`p jan`a u`skeneler satıp alıwg`a alıp keledi ha`m buzılg`annan keyin almastırıwg`a salıstırg`anda ko`birek miynet talap qıladı. Ma`selenin` maqseti almastırıwdın` optimal siyasatın izlep tabıw bolıp tabıladı. optimallıq o`lshemi sıpatında bir litr ishimlik islep shıg`arıwg`a ketken qa`rejetlerdin` minimal mug`darı alınadı.

$F_n(i,j)$ arqalı N qosımsha ishimlik islep shıg`arıwdın` ku`tilip atırg`an qunı jıyındısın belgileymiz, egerde 1 u`skene i – t, 2 u`skene j – t o`nim islep shıg`arg`an bolsa bunda almastırıwdın` optimal siyasatı qollang`an. Ko`z aldımızg`a keltirip ko`reyik, i – ishimlik islep shıg`arg`an u`skenenin` jetiskenlikli islep shıg`arıw itimallıg`ı $p_i$ – u`lkenligi ma`lim. Onda to`mendegi variantlar ushın qa`rejetlerdi esaplaw mu`mkin:

a) ishimlik islep shıg`arıw;

b) i - u`skeneni almastırıw;

v) j – u`skeneni almastırıw;

g) eki u`skeneni de almastırıw. Demek,

$$f_N(i,j)=min\ (f_a,f_b,f_c,f_d)$$

Onda, $f_N(i,j)$ funktsiyasın isletip, ha`r bir variant ushın rekurent salıstırmaların esaplaw mu`mkin.

Ten`lemeler ha`r bir mu`mkin bolg`an sheshimdegi ku`tilip atırg`an qa`rejetlerdi beredi ha`m en` jaqsı al`ternativ variantı tan`lawg`a imkan jaratadı.

Demek, investitsiyalardı optimal ta`rizde tartıwdı prognozlaw ushın, ma`selenin` qoyılıw da`rejesi, investitsiyalar summası ha`m basqa faktorlardı inabatqa alıp ta determinallasqan da stoxastikalıq modellestiriw metodlarınan paydalanıw mu`mkin degen sheshimge kelinedi..

## JUWMAQLAW

Izertlew na`tiyjeleri to`mendegi tiykarg`ı sheshimler ha`m usınıslardı sa`wlelendiriw imkanın beredi:

1. Analizler na`tiyjelerine ko`re 2013 jıldın` 1-may halatına ja`mi isbilermenlik sub`ektlerinin` 418,4 mln. AQSH dolları mug`darındag`ı 318 proektleri shet el krediti liniyaları esabınan kommertsiyalıq bankleri ta`repinen finanslastırılg`an. Bunın` na`tiyjesinde 12705 jan`a jumıs orınları jaratılg`an.

Kirip kelgen resurslardın` tiykarg`ı bo`legi shiyki-zat resursları jaylasqan territoriyalarda emes, ba`lkim olardı tasıp keliwdi talap etetug`ın territoriyalarg`a tuwrı kelmekte. Usı ahwaldı jaqsılaw ushın kommunikatsiyalardı ha`m bazar infrastrukturaların territoriyalarda, awıl orınlarda rawajlandırıw lazım boladı.

Usı mag`lıwmatlar tiykarında sheshim qılıw mu`mkin, kirip kelgen investitsiyalardın` na`tiyjeliligin asırıw ko`p hallarda sho`lkemlestiriwshilik faktorlarg`a, isbilermenlik sub`ektlerinin` ekonomikalıq ha`m huqıqıy bilimi da`rejesine, konsalting ha`m injiniring firmalarının` sapalı ha`m tiykarlang`an biznes-proektler islep shıg`ıwlarına ha`m aqırında xojalıq sub`ektlerine o`z lawazımı boyınsha ja`rdem beriwi kerek bolg`an xızmetkerlerdin` juwapkershiligine baylanıslı bolıp tabıladı.

Demek, awıl xojalıg`ı ka`rxanalarının` investitsiyalardan paydalanıw imkaniyatları «ishki» faktorlarg`a ko`p jaqtan baylanıslı bolıp tabıladı.

2. Xojalıq sub`ektleri arasında o`tkizilgen sorawlar ha`m kredit resurslarınan paydalanıw monitoringi na`tiyjeleri tiykarında sheshim qılıw lazım bolg`anınday, fermerler ha`m isbilermenler ushın finanslastırıw mexanizmleri, esap-kitap operatsiyalardı o`tkiziw qag`ıydaları, biznes-rejelerdi du`ziw ta`rtibi tuwrısındag`ı materiallardı tayarlap tarqatıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Usı materiallar bankler menen birge islesiw protsessinde xojalıq sub`ektleri ushın tu`sinerli bolg`an qag`ıydalar bank ha`m klientlerdin` huqıqları ha`m minnetlemelerin o`zinde sa`wlelendirip arza ha`m kerek bolg`an za`ru`rli hu`jjetlerdin` toltırılg`an tipovoyların qamrap alıwı kerek.

3. SHet el ta`jiriybesine ko`re, respublikadag`ı kommertsiyalıq banklerinde jeterlishe kredit resurslarının` (sonın` ishinde, jen`illiklerdin` de) barlıg`ın ja`ne de mashqalanın` aktuallıg`ın

esapqa alg`an halda, alınıp atırg`an bank kreditlerinin` girew ta`miynatı defitsitliginin` qaplawına ma`mleket kepilliklerin beretug`ın, awıl da isbilermenlikti qollap-quwatlawdın` ma`mleket kepillik fondın sho`lkemlestiriw maqsetke muwapıq boladı.

Fond resursların qa`liplestiriwdin` derekleri sıpatında:

- kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik tarawına (byudjetten tısqarı ha`m basqa fondlarg`a) bag`darlanatug`ın ma`mleket mu`lkin menshiklestiriwden tu`sip atırg`an qarjılar;

- menshiklestiriw da`stu`ri boyınsha rezident bolmag`anlardan kelip tu`sip atırg`an erkin konvertatsiyalang`an valyutadag`ı qarjılar ha`m basqalar xızmet qılıwı mu`mkin.

Usı mexanizmdi a`melge asırılıwı bank kreditlerin alatug`ın awıl xojalıg`ında tovar o`nimleri islep shıg`arıwshı sub`ektler sanın ken`eyttiriwge imkan beredi ha`m usı taraw proektlerin mu`mkin bolg`an ta`wekelshiliklerin optimal bo`listiriw imkanın beredi.

4. Tovarlardı shet el bazarlarına alıp shıg`ıwda iri milliy islep shıg`arıwshılar ob`ektiv qıyınshılıqlarg`a dus kelmekte. Usı mu`na`sibet penen ma`mleket ha`m ma`mleketlik emes sho`lkemlerinin` awıl xojalıq ka`rxanalarına olardın` o`nimlerin sırtqı bazarlarına shıg`arıwda ko`meklesiwi ma`seleleri ele de aktual bolıp qalmaqta.

## PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR


1. I.A.Karimov «Ozbekiston buyuk kelajak sari» Toshkent. Ozbekiston, 1999 yil
2. I.A.Karimov. «Ozod va obod Vatan, erkin va farafon haet-pirovard maqsadimiz». Toshkent, Wzbekiston, 2000 yil
3. I.A.Karimov «Vatan ravnaqi uchun har birimiz ma`sulmiz» Toshkent, Ozbekiston, 2001 yil
4. «Ozbekiston Respublikasining Konstitutsiyasi». T: «Ozbekiston», 2003 y.
5. Ozbekiston Respublikasining «Tashqi iqtisodiy faoliyat twg`risida»gi qonuni. - «Xwjalik va xuquq», T: 2008 y., 9-son.
6. Ozbekiston Respublikasining «Tadbirkorlik sub`ektlarining faoliyatini tartibga solishi munosabati bilan Wzbekiston Respublikasining ayrim qonun hujjatlariga wzgarish va qwshimchalar kiritish twg`risida»gi qonuni. - «Toshkent oqshomi», 2008 y., 22 sentyabr`.
7. Ishmuxamedov A.E., SHibarshova L.I. «Xorijiy mamlakatlar iqtisodietini tartibga solish» fanidan ma`ruzalar matni. Toshkent 2009 yil.